# Дерс зэIуха

## Хьэнфэн Алим Мэзан и къуэр

Хьэнфэн Алим Мэзан и къуэр 1922 гъ. Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Ботэщей къуажэм къыщалъхуащ. 1934 гъ. колхоз щIалэгъуалэм щхьэкIэ къызэрагъэпэща еджапIэм щIэтIысхьэри е 5-6 классхэр къыщиухащ. ЕгъэджакIуэ курсхэр къиухащ. 1939-1940 гъ. пэщIэдзэ классхэр иригъэджащ.

1945 гъ. икIэм нэсыху Хэку зауэшхуэм хэтащ.
Зауэ нэужьми ар егъэджакIуэу лэжьащ.
1947 гъ. Алим и япэ усэр дунейм къытехьащ.
1948 гъ. щыщIэдзауэ адыгэбзэмкIэ къыдэкI газетым, тхылъ тедзапIэм, радиокомитетым щолажьэ.

1955 гъ. Алим и «Япэ лъэбакъуэ» тхылъыр дунейм къытохьэ.
1957 гъ. щыщIэдзауэ Хьэнфэн Алим Россие Федерацэм и тхакIуэхэм я союзым хэтщ.
1997 гъ. къыфIащащ «Къэрэшей-Черкес республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэр.

Куэду нэмыс зыхэлъ цIыхум хужаIэр сыт?

# НэмысыфIэщ

# Ар зыхэмылъым сыт хужаIэр?

# Нэмысыншэщ

# Нэмысым теухуауэ псалъэжьхэр

Унэм зыщыгъаси хасэм яхыхьэ.
Нэмыс зиIэм насып иIэщ.
Уи щхьэм хуэпщIыжыр уи нэмысщ.
Нэмысым насып къыдокIуэ.

Дахэр зыгъэдахэр и щэнщ
Уи псалъэ гъэIэси уи нэмыс гъэбыдэ.
Фащэм я нэхъ дахэр укIытэрщ.
Уи щхьэ ущымытхъуж, уфIмэ, укъалъэгъунщ.